



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 3 fevriye 2015

**DEKLARASYON DIREKTÈ KOMINIKASYON MELISSA DEROSA SOU DISKOU MAJISTRA BILL DE BLASIO
SOU KONDISYON VIL LA**

“Gouvènè Cuomo aplodi anfaz Majistra sou elajisman aksè lojman a bon mache. Sa a te yon kesyon enpòtan fondamantal pou travay avèk fanmi klas mwayèn yo e sa se te yon priyorite Gouvènè a depi jou li te avèk Depatman Lojman Federal ak Devlopman Iben. Gouvènè a kwè Majistra de Blasio absoliman kòrèk pou l kontinye mete anfaz pou asire ke tout Nouyòkè yo gen yon kote ki a bon mache ke yo ka rele lakay yo. Menm jan, Majistra konsantre sou pwoteje lokatè aktyèl yo, tankou Eta te fè avèk Inite Pwoteksyon Lokatè ki gen siksè, se yon lòt etap enpòtan e Eta ap rete tann pou l fè patenarya avèk vil la sou keyson sa a. Règleman yo sou lwaye se yon pyès enpòtan nan ekwasyon sa a, e nou pral revize pwopozisyon majistra te souliye jodia.

“Gouvènè a dakò avèk Majistra de Blasio ke nou dwe ogmante salè minimòm nan New York. Pandan nou kwè ke Lejislati Eta pral wè yon ogmantasyon a plis pase \$13 kòm yon moun ki poko kòmanse, nou pral kontinye pouse pou pwopozisyon agresif Gouvènè a te prezante mwa pase ki egalman teni kont pou pri elve lavi ke travayè yo ap eksperimante nan vil New York.

“MTA itilize lakou Sunnyside kòm yon etablisman enpòtan pou sistèm transpòtasyon nou an, e li pa disponib pou okenn lòt itilizasyon akoutèm. Eta ak MTA ap etidye plizyè pwochen itilizasyon posib nan sit la nan yon pèspektiv planifikasyon alontèm.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov

Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People

Performance * Integrity * Pride

Haitian Creole